

Paj Siyati Resètifikasyon an

Tanpri li konsantman ak sètifikasyon enpòtan anba a

Avi/Akò yo

1. Mwen konpran y ap itilize enfòmasyon ki nan fòm sa pou detèmine si fanmi m kalifye pou sèvis/sibvansyon yo. Mwen konprann lè mwen siyen fòm sa, mwen dakò tout ankèt ki ap fèt pou verifye oswa konfime enfòmasyon mwen te bay yo oswa tout lòt ankèt ki gen rapò ak demann èd pou gad timoun mwen an. Si yo mande m enfòmasyon an anplis plis, m ap bay yo.
2. Mwen konprann y ap itilize resètifikasyon sa sèlman pou sibvansyon gad timoun. Pou jwenn lòt èd tankou SNAP, Medicaid, Asistans Lajan oswa lòt sèvis, gen demann anplis ki nesèsè. Men, demann sa ak enfòmasyon yo jwenn nan kad ankèt pou demann sa ka pataje ak tout vil, Eta, oswa ajans Federal ou mande oswa ou te mande èd oswa avantaj.
3. Mwen konprann Sibvansyon ki disponib pou Gad timoun yo depann sou finansman yo epi si pa gen finansman, yo kapab mete timoun mwen an sou lis atant.
4. Politik ak angajman Administrasyon Vil New York pou Sèvis pou Timoun (Children's Services, ACS) se pou li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, kwayans, laj, koulè, sèks, relijyon, orijin nasyonal, alyenasyon oswa estati sitwayen an, andikap mantal oswa fizik, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès, estati marital oswa patenarya.
5. Mwen jire e/oswa afime, paske mwen ka gen sanksyon, tout enfòmasyon mwen bay oswa mwen pral bay ak Administrasyon Vil New York pou Sèvis Timoun yo (New York City Administration for Children's Services, ACS) yo kòrèk.

Sanksyon

Lwa ak eta federal yo prevwa pèn pou w peye lajan, prizon, oswa tou de (2) si w pa di laverite lè w mande èd pou Gad Timoun oswa lè yo poze w kesyon sou kalifikasyon w, oswa si w fè yon lòt moun pa di laverite sou demann ou a oswa pou w yo kenbe kalifikasyon w la. Yo ka aplike sanksyon tou si w kache oswa w bliye bay enfòmasyon ki konsène kalifikasyon anvan w lan oswa sa ki ap kontinye a pou Èd pou Gad Timoun; oswa si ou bliye oswa kache enfòmasyon ki ap afekte dwa yon moun, pou moun ou fè demann lan, jwenn oswa kontinye ap resevwa èd pou Gad Timoun. Si w se reprezantan otorize pou fè yon demand nan non yon lòt moun, yo dwe itilize Èd pou Gad Timoun pou moun nan men pa ou. Li ilegal pou jwenn Èd pou Gad Timoun pandan w ap kache enfòmasyon oswa bay fo enfòmasyon.

1. Mwen dakò pou m notifie imedyatman Administrasyon Vil New York pou Sèvis Timoun yo (New York City Administration for Children's Services, ACS) sou tout chanjman ki konsène rantre lajan ak konpozisyon fanmi mwen an, kondisyon gad timoun nan ak lòt sikonstans ki gen rapò ak kalifikasyon pou sèvis gad timoun yo.

Lajan

Moun ki ap mande a responsab pou li bay enfòmasyon ki egzak, konplè, epi ajou konsènan kòb fanmi an ap rantre epi konpozisyon l, dispozisyon sou gad timoun ak lòt sikonstans ki gen rapò ak kalifikasyon fanmi an pou sèvis gad timoun, epi notifie imedyatman distrik sèvis sosyal la pou tout chanjman nan enfòmasyon ou bay nan fòm sa.

Sètifikasyon

SITWAYÈNTE - Mwen konprann lè m siyen fòmilè aplikasyon sa, mwen sètifye, sou pèn paji, tout timoun ki bezwen èd pou Gad Timoun la se sitwayen Ameriken oswa resòtisan oswa moun ki gen yon stati imigran ki akseptab. Mwen konprann yo ka bay Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon enfòmasyon sou timoun yo pou verifye estati imigrasyon, si sa aplikab. Mwen konprann itilizasyon oswa piblikasyon enfòmasyon konsènan timoun sa yo limite ak moun epi òganizasyon ki konekte dirèkteman ak verifikasyon estati imigrasyon epi ak administrasyon oswa aplikasyon dispozisyon pou pwogram èd pou Gad Timoun.

Resous Fanmi

Mwen/nou sètifye resous fanmi an pa depase \$1,000,000.00.

Si kay la gen de (2) paran/titè sinyati de paran/titè yo nesèsè.

Paran/Gadyen (siyen): _____ Dat: _____

Paran/Gadyen (enprime): _____

Dezyèm Paran/Gadyen (siyen): _____ Dat: _____

Dezyèm Paran/Gadyen (enprime): _____

Reprezantan Otorize (siyen): _____ Dat: _____

Reprezantan Otorize (siyen): _____